


Bon Nouvèl



Journal pou moun ki renmen lang manman yo

42° ane * n° 463 * Jiyè - Out 2009

Pri journal la : 10 goud

Maykèl Jakson gwa vedèt fèt pòu, mouri pòu



2 Avangou :

Ochan pou Monseyè Emanyèl Konstan
Yon Akademi Kreyòl pou Ayiti

3 Koze mande chèz :

Ayiti eleksyon - dezyèm tou
Nouvèl kout

5 Ti refleksyon sou Ayiti : Soudevlopman :

Yon chwa oubyen yon sitiyasyon

6 Ki moun ou ye : Jil Eli Boskè

7. Maykèl Jakson mouri

8 Dosye : Grip A(H1N1)

9 Orevwa pè Janjis

10 Pwojè lwa sou lajan ki gen pou peye nan lekòl

12 Paj pou jèn yo : Manifestasyon manch long

Egzamen ofisyèl 2008 - 2009

Fèt pawas Sent Antwàn

Mo maske / aktivite nan tan vakans

18 Pawòl Bondye :

Pwojè Bondye a se pwojè lavi tou nèt

20 Blag ak Mo kwaze

Fanatik Bon Nouvèl yo bonjou,

Ochan pou Monsyè Emanyèl Konstan

Madi ki te 16 jen, Monseyè Emanyèl Konstan (Emmanuel Constant) te mouri. Li te gen 81 lane sou tèt li. Bon Nouvèl fè yon gwo ochan pou monseyè Konstan, paske nou kapab konsidere l kòm yon manm fondatè jounal la. Li te prezan nan yon reyinyon nan presbitè Ench la nan lane 1967 ansanm ak pè Joris Kepens ak kèk lòt pè kote yo te deside kòmanse ak yon jounal kreyòl. Monseyè Konstan te bay pè Joris benediksyon pou l derape pwojè a nan menm ane 1967 la.



Anfen, yon akademi kreyòl ?

Ane sa a fè 30 lane depi lang kreyòl la te jwenn plas timid li nan lekòl nou yo. Mesye Bèna ki te minis Edikasyon nasyonal la lè sa a, te lanse yon refòm nan edikasyon an ki te prevwa pou kreyòl la tounen yon matyè andedan pwogram lekòl yo.

Konstitisyon 1987 la te resi rekonèt lang kreyòl la kòm yon lang tankou tout lòt ki fè li ba li plas li merite kòm lang ofisyèl peyi a, akote lang franse a.

Men sa li di nan atik 5 la : “Sèl lang ki simante tout Ayisyen ansanm, se **lang kreyòl**. Kreyòl ak franse se lang ofisyèl Repiblik d Ayiti”. Moun ki t ap travay sou Konstitisyon an te konsyan feblès ki te genyen nan nivo ekri kreyòl la sitou. Se sa ki fè yo te ranfòse desizyon an ki ekri nan atik 5 la avèk yon lòt desizyon ki ekri nan atik 213 la, kote yo mande pou l ta genyen yon **Akademi Kreyòl** pou fikse lang kreyòl la. Men sa atik 213 la di: “Yo mete yon Akademi Ayisyen pou li fikse lang kreyòl la e pou li fè l kapab devlope anfòm, an òd epi selon prensip lasyans”.

Sa vle di konstitisyon an mande pou ta gen yon enstitisyon ki gen kòm reskonsablite voye je sou jan yo sèvi ak lang kreyòl la, lèfini ki pou bay prensip ki kapab di kijan pou kreyòl la ekri (òtograf lang nan), pandan yo garanti devlopman lang nan andedan sosyete aysiyèn nan, avèk konviksyon sa a : Kreyòl se yon lang tankou tout lòt lang.

Konstitisyon an la depi nan lane 1987. Anpil moun te bat bravo pou jan moun ki te ekri konstitisyon an te vle kore lang kreyòl la. Men se latristès, apre plis pase 20 an, atik 5 ak 213 rete la konsa, san yo pa mete l an pratik toutbon. Kreyòl la mal jere, li mal administre, e se Leta ki premye reskonsab sa. Pa bliye se depi lane 1979 deja yo te rekonèt kreyòl la tankou yon zouti edikasyon nan lekòl yo epitou yon matyè pou yo aprann. Men kreyòl ayisyen an gen yon kokennchenn reta devan lòt lang paske li pa gen règ epi li tou jèn pa rapò a lòt lang ki genyen yo. Se sa ki merite korije e se poutèt sa kesyon mete yon Akademi sou pye, jan sa te parèt nan atik 213 Konstitisyon an, se yon devwa Leta ak yon reskonsablite chak sitwayen.

Ane sa a, apre 22 lane depi konstitisyon 1987 la te bay desizyon pou ta gen yon akademi kreyòl, gen kèk bagay ki sanble vle kòmanse bouje. Depi kèk semèn, kèk dirijan nan Inivèsite leta a te pran inisyativ pou lanse pwojè Akademi an. Konsa gen kèk enstitisyon ki mete tèt yo ansanm pou mete kanpe sa yo rele «Akademi Kreyòl la», jan konstitisyon an mande l. Yo te envite Bon Nouvèl tou nan rankont ki deja fèt pou yo ka rive kanpe Akademi an. N ap swiv avansman pwojè sa a ak anpil enterè. Yon akademi kreyòl, sètadi yon enstitisyon ki kapab bay lang kreyòl la figi fas a tout lòt lang yo, se yon gwo nesèsité ki bezwen jwenn sipò total leta a. ■

pè Jan Out



Ayiti eleksyon/ dezyèm tou



Dezyèm tou eleksyon senatoryal yo rive fèt nan peyi a jounen dimanch 21 jen 2009, men avèk yon ti ponyen moun nan Biwo vòt yo. Prezidan Konsèy elektoral pwovizwa a Frans Jera Vèrèt (Frantz Gérard Verret), lage reskonsablite a sou do pati politik yo ki pa trennen patizan yo al vote. Pandan tan sa a, nan vil pwovens yo, te gen kèk tansyon ant patizan kandida ki nan kous la.

Se te anviwon 4,5 milyon elektè ki ta dwe al ranpli devwa sitwayen yo nan Biwo vòt yo, men se te yon ti ponyen moun, nan plizyè sant vòt, sitou nan kapital la ki te fè deplasman nan okazyon dezyèm tou eleksyon yo.

Pitit la fèt, nan difikilte !

Nan komin Dèlma, menm jan ak tout lòt komin ki nan Pòtoprens, se te yon sèl konsta: manm BV yo te la, mandatè pati politik yo, ajan fòs lòd yo, materyèl vòt..., yo tout te prezan nan biwo yo. Men pa t gen elektè, tankou sa te ye nan dat 19 avril pase a, nan premye tou a. Nan sant vòt ki nan Biding 2004 la, (sou wout pis), nan Ona, Lise Kafou-fèy, Lise Janjak Desalin, bwat yo pa t gen plis pase 10 bilten nan mitan jounen an, alòske te gen gwo kanpay sansibilizasyon KEP la te fè pou ankouraje sitwayen yo al vote.

Nan "Mathurin School" kote l t al vote vè midi, prezidan KEP la Frans Vèrèt te envite popilasyon an pou l pran wout vòt yo, yon fason pou voye bonjan reprezantan nan Palman an. Selon

Prezidan Vèrèt, sitwayen yo pa montre yo twò enterese ak bout eleksyon. Li di li regrèt pati politik yo pa t motive patizan yo pou ranpli devwa sivik ak sitwayen yo.

Yon lòt kote, Vèrèt di: «de eleksyon yo (premye ak dezyèm tou) reprezante yon tès pou KEP la ki pral gen pou reyalize eleksyon ki pi enpòtan toujou nan tan k ap vini yo.

Yon ti tan pi bonè nan jounen elektoral la, Prezidan Repiblik la te montre espwa li genyen pou dezyèm tou a pèmèt yo konplete Sena a. «Mwen atann mwen eleksyon sa yo ap pèmèt nou konplete pòs ki manke nan sena a». Prezidan Preval te fè deklarasyon sa a, pandan l te fin vote nan Lise Marijàn.

4JEN: Komisyon Achidyosezèn Jistis ak Lapè Pòtoprens te delivre yon mesaj nan okazyon jounen mondyal anviwònman an, kote li te pwofite dat sa a pou l te atire atansyon tout moun sou sezon siklòn nan. Ane sa a genyen 21 siklòn ki pou pase nan Karayib la, espesyalman sou Ayiti. Li fè konnen tout moun dwe kòmanse konnen kijan pou yo sove tèt yo avan Leta kòmanse lonje men ba yo, pou anpeche menm sa ki te pase ane ki sot pase yo pa tounen ankò. Yon lòt kote komisyon an di li konstate malgre tout

sansibilizasyon ak mobilizasyon Leta ak sosyete Sivil la ap fè sou kesyon rebwazman, konstriksyon anachik ta sanble popilasyon ki konsène a pa wè pwoblèm yo menm jan. Dapre komisyon an fòk Leta ta kòmanse fè kèk aksyon. Komisyon an te tou pwofite mande Leta, nan okazyon jounen entènasyonal Timoun ki viktim agresyon, pou yo ta chache mete sou pye yon politik pou ankadre fanmi yo, sitou sila k ap viv nan kondisyon moun pa ta dwe viv. Komisyon an te tou pwofite ofri piblik la yon ti liv ki

ekri sou anviwònman ki rele "Gid pou yon lòt lavi an Ayiti". Anpil rekòmandasyon ak prevansyon fèt anndan ti liv sa a, pami yo: Anpeche popilasyon an konstwi nenpòt kote nan ravin, nan tèt mòn el...

13 JEN: Pou make 14èm anivèsè polis nasyonal la, reskonsab yo te òganize kèk aktivite pou make dat sa a. Pami yo, yon mach ki soti depi sou pis aviyasyon jis rive nan akademi polis la, yon mès te chante nan okazyon an, yon maraton te fèt tou ak kèk lòt aktivite ankò. Nan okazyon an

Koze mande chèz

Selon chèf leta a, yon sitwayen reskonsab dwe chwazi senatè li vle voye nan Palman an, non sèlman pou l kontwole ekzekitif la, men tou pou vote lwa ki nan favè peyi a. Menm apèl sila a, Premye Minis la, Michèl Divivye Pyèlwi te renouvle l aprè li te fin depoze bilten l nan Opdès. « Nou pa dwe rete ap trennen pandan tout peyi ap avanse. Fòk nou fè plis jefò pou n retire peyi a kote l ye a. »

Men, popilasyon Pòtoprens la ak kèk vil nan pwovens yo sanble pa t tandè mesaj sa yo. N ap raple nan premye tou a, se sèlman anviwon 11% elektè ki te al ranpli devwa sitwayen yo nan BV yo.

Zak vyolans nan eleksyon yo

Malgre te gen konseye ki te ale pou kowòdone eleksyon yo andedan kou andeyò kapital la, sa pa t anpeche te gen zak vyolans ki te fèt nan dewoulman vòt la. Nan tout Peyi a, pou

pipiti, de moun mouri, plizyè lòt blese. Polis la te pwofite met kòd nan kou nèg ki t ap fè dezòd.

Nan Grandans, yon sitwayen ki ta manm Pati politik Fizyon, Jan Wilfrid Janpyè, te mouri nan batay youn ak lòt. Nan Sidès, plizyè chirepit te fè de blese ak bal anplis youn ak kouto. Lapolis te met men nan kòlèt Andris Pyè, ki se youn nan moun ki ta gen relasyon ak zak malonèt la. Nan mitan jounen an, lapolis te arete Remon Lanbè, ti frè Senatè Jozèf Lanbè ak kandida pou pòs sena Wennsesklas Lanbè. Selon pòtvwa polis la Frans Lèbou, fòs lòd yo te arete ti frè Lanbè yo poutèt yo t ap mache ak gwo zam jou eleksyon yo. Remon Lanbè se ta yon polisye ki nan sekirite frè l, Jozèf Lanbè. Yon lòt kote, kandida Òganizasyon pèp k ap lite (OPL), pou depatman Sid la Rika Pyè, denonse entèvansyon brital nèg ki gen gwo zam, ki ta patizan platfòm ki sou pouvwa a, Lespwa, fè nan Biwo vòt yo,

pandan l siyale kèk ka agresyon ki fèt sou elektè yo. Kandida a egzije pou KEP la ta anile eleksyon yo nan BV patizan Lespwa yo t al plen bwat.

Nan Sidès, moun yo pa rive konnen pati ak bwat bilten nan Komin Bèlans, Segen ak Ansapit. Lapolis ap chache koupab la tankou chen fou. Selon enfòmasyon yo, se ta yon pastè ki komèt zak malonèt la. Nan Nip, Patizan Lespwa yo maspinen patizan Konba yo, de pati ki te nan dezyèm tou a. Aprè maspinay la, gen nan patizan Konba yo ki te blije al lopital touswit pou resevwa laswenyay selon sa ka yo merite.

Nan Pòtoprens, yon moun mouri ak bal nan 5èm Avni Bòlòs. Men lapolis pa t ka montre si se yon krim gen awè ak eleksyon an. Vòt yo fini, tout je fikse sou KEP la ki pwomèt rezilta yo ap pibliye nan mitan semèn k ap vini. ■

Ladensonn Flerival

tou, mesye Frans Tèmilis (Frants Thermilus) ki se reskonsab direksyon Santral Polis jidisyè a (DCPJ) te pran lapawòl, kote l te fè konnen polis nasyonal la ap fè fas ak anpil pwoblèm, pi gwo pwoblèm yo se manke ekipman ak materyèl pou polis la travay. Pou Maryo Andresòl, ki se direktè polis la, li fè konnen malgre tout pwoblèm enstitisyon l lan ap rankontre gen anpil pwogrès ki fèt.

Li fè konnen tou polis nasyonal la ap degaje yo kon mèt Janjak pou yo mache dèyè misyon yo ki se “pwoteje ak sèvi”, menmsi yo gen anpil travay pou yo fè ankò.

26 JEN: Ti machann k ap bouske lavi anba lavil la di yo gen gwo lapèrèz devan zak ensekirite ki gen tandans remonte nan sant vil la. Nèg ak gwo zam fannfwa pa

sispann opere gwo jounen, yon sityasyon ki bay komèsan yo kèk kase « Nou bouke, chak jou yo ap dechèpiye nou ». Moun nan popilasyon an fè konnen : se aprè bandi yo fin opere lapolis konn fè yon ti pase. Popilasyon an mande pou otorite yo pran reskonsablite yo pou konbat ensekirite k ap vale teren anba lavil la. ■

Wozilya Franswa

Ti refleksyon sou Ayiti

Soudevlopman : yon chwa oubyen yon sityasyon ?

Se vre soudevlopman se yon lide ki kreye diskriminasyon, chaje ak move pretansyon gwo peyi yo envante pou yo fè diferans ant tèt yo ak lòt peyi yo swadizan rele ti peyi yo. Men si nou ta pati sou baz sa èske soudevlopman pa ta yon chwa oubyen yon sityasyon ?

Sou plan sosyologik, politik ak ekonomik gen yon bann kritè ki etabli pou fè diferans ant peyi devlope ak peyi soudevlope ; diferans anpil gwo entèlektiyèl aksepte yon fason oubyen lòt piske yo menm tou lè y ap pale yon fè distenksyon sa. Sepandan, si nou ale pi lwen n ap wè prensipal eleman soudevlopman se kesyon mantalite, nan sa moun kwè piske sa gen gwo konsekans sou lavi moun an jeneral e se premye pwoblèm devlopman an.

Selon youn nan panse maksis yo (marxiste), moun fèt pou yo panse sa y ap fè, epi aji selon panse yo – lide sa fè nou konprann devlopman soti nan vizyon, gide apati yon prensip nou gen ansanm, sa ki vle di se yon bagay ki panse, planifye epi ki mande aksyon rasyonèl, pou rive mete bon jan kondisyon pou moun ka viv kòm sa dwa, nan respè youn pou lòt. Sou baz sa nou kapab di devlopman chita sou yon plan byen bati ki genyen plizyè aspè e ki fèt pou l egzekite nan yon fason byen detèmine.

Tout sa ta vle di soudevlopman kapab byen yon chwa si nou ta konsidere konpòtman ak aksyon dirijan nan peyi d Ayiti mete ak mantalite dwategòch pèp sa. Pandan anpil peyi nan mond ap batay pou amelyore kondisyon lavi moun k ap viv lakay yo, nan jefò pou konbat lamizè. Si nou gade jan yo mennen bak peyi a, sa ta

mande anpil refleksyon pou nivo Ayiti rive nan zafè sou devlopman, afòs peyi pa reprezante anyen nan balans ekonomik mond la.

Depi plis pase 20 tan, se bak peyi a ap fè nan tout sans, paske tout sa ki reprezante fòs peyi a fèmen, kraze, oubyen piye. Nan zafè pwodiksyon nou fè zewo. Ti krik ti krak se piyaj, kraze brize, pandan tan sa a, tout valè ak resous yo ap kite peyi a pa bann ak pa kèt.

Aprè tou, èske nou ka rete kwè jan yon bann moun panse l: soudevlopman se yon sityasyon oubyen yon sikonstans lavi, kòm si yon sò epi pou tout moun dwe reziyen yo avèk li. Nan sans sa nou ka kontinye kwè se yon veritab chans lè yon peyi pevlope? Poutan li byen senp. Ta sanble nan ka Ayiti a se volonte ki pa genyen pou fè devlopman piske anpil nan sa ki pase nan peyi a gen eksperyans lòt bò dlo et kèk nan yo gen eksperyans sou yon seri plan ki ta kapab pwofitab pou peyi a nan yon sèten sans.

Ki chwa sa ye? Eske se yon chwa pou peyi a ka toujou nan kondisyon pou l jwenn èd pasi pala, yon rezon pou yon seri moun ka toujou fè kapital politik yo, pandan gen yon bann pwoblèm ki poko ka rezoud e ou santi pa vrèman gen yon volonte pou chanje vye imaj peyi a genyen nan je lòt pèp nan rejyon an, sitou sa ki ta dwe revòlte konsyans chak moun k ap viv sou tibout tè sa.

Men si Leta a pa jwe wòl li seryezman nan sosyete a, paske ou gen enpresyon li pa menn egziste lè nou gade jan bagay yo prale. Men tou pa genyen sa yo rele responsablite

sitwayèn: responsablite chak sitwayen pou pwoteje anviwònman, respekte dwa lòt moun ak konsève idantite nasyonal la. Si nou ta reflechi sou jan moun ap fonksyone nan peyi isit ou ta wè gen mil rezon pou sosyete a prale jan l prale a, piske tout moun ap di yo pa responsab yo vin tounen yon imoral, deregle e se rezon sa tou ki fè nou gen yon Leta demisyone se yon bann deregle, mèsene, demagòg k ap defann lajan ak privilèj.

Pou lespri patriyotism menm pa gen sa pyès, paske menm nan liv yo pase trè sou sa. Yon bann moun san pidè, san vizyon pran daso vye sistèm politik devandèyè sa, epi y ap fè kapital yo. Tout sa ki rete yon dwa vin yon liks nan peyi sa, epi sa pa fè pèsòn ni cho ni frèt, depi ou jwenn 2 grenn diri pou ou manje, epi tann lanmò. Grangou ak mizè se prensip pwoblèm Ayiti e se yon pretèks pou nèg al mande sou non pèp, fè maskarad.

Pèsòn pa konnen poukilè mizè ak soufrans pèp sa ap andire a ap fini. menm si nan yon sans nou rekonsab tout nan mal peyi a nan zak n ap komèt tankou nan jete fatra kote nou jwenn, bati nenpòt kote, koupe pyebwa san kontwòl, elatriye.

Tout rezon sa yo mele ak lòt se prèw ki montre aklè soudevlopman se yon chwa pèp ayisyen fè ki gide lespri ak mantalite yo e ki fè pandan lòt peyi ap fè devlopman lakay yo nan peyi isit n ap regrese, epi sa ki pi tris moun nan peyi sa kopye tout vye bagay, menm sa k ap detwi pwòp tèt yo. ■

Wadnè Isidò

Wadneri26@yahoo.fr

Nan yon kout pye nou te fè nan depatman sant la, espesyèl nan vil Mibalè ki se youn nan sis komin ki nan depatman an, nou te gen chans rankontre ak youn nan gwo notab nan vil la ki se mesye Jil Eli Boskè (Jules Elie Bosquet), li te kontan pou l te pase nan “ribrik ki moun ou ye”, dapre sa l di, paske li gen anpil pawòl pou l pale ak fanatik yo. An n wè sa li gen nan djakout li pou nou pandan l ap prezante l bay chak grenn fanatik.



Sous foto Fenelon janmak

Mwen rele Jil Eli Boskè, m gen 78 ane. Mwen fèt Mibalè, mwen se notè, mwen travay Savanèt, men mwen abite Mibalè. Mwen gen 6 pitit, 4 Ozetazini, youn nan peyi Meksik epi yonn isit avèk mwen l ap travay nan lise a. Nan Mibalè mwen pa fè lòt bagay se fè plantasyon, gade kabrit, plante pyebwa.

Mesye Boskè se te yon gwo kiltivatè

Mwen te konn travay latè. Mwen te konn pran bèch mwen mwen beche tè, pran derapin mwen pou mwen travay tè men jounen jodiya mwen pa ka fè l, paske mwen pa gen fòs ankò. Mwen pa gen menm kouraj la ankò epi pitit mwen yo pa t ap aksepte sa tou. Kounyeya se vann mwen anvè vann tè sa yo paske mwen pa ka travay ankò.

Epi mwen pa gen ase lajan pou mwen ta peye travay tè sa yo.

Mibalè nan tan lontan

Lontan sou Divalye te gen 4 klèb literè. Mwen te prezidan yonn nan yo. Men kounyeya mwen pa wè sa isit. Alòske se kounyeya mwen wè Mibalè merite sa. Nan epòk pa m nan pa t gen lise. Se sou Divalye nou vin gen yon lise. Tristès mwen genyen, wi gen yon lise kounyeya, men moun ki bezwen l se pa yo menm ki jwenn li. Moun ki gen nesite lise a toutbon an yo pa jwenn plas ladan l. Si yon elèv pa gen minis, dèyè l li p ap antre nan lise a. Sa k ap enskri l? Menm si li te loreya nan yon lòt lekòl pa gen plas pou li nan lise a. Lise a se minis, senatè, depite, Majistra ki ka mete ou ladan l.

Yon ti mo sou lang kreyòl la

Mwen swete pou yo mete plis aksan sou lang kreyòl la, pou yo ba l fòs toubonvè. Ba l jarèt, ba l sewòm. Paske lang kreyòl la pa gen okenn valè isit. Si yon moun nan klèb, li pran lapawòl an kreyòl tout moun ap tandè, yo p ap dòmi men yo p ap ekri ni pran nòt e si ou ta ekri an kreyòl pa gen moun

k ap li l. Dayè se youn nan bagay ki fè nou an reta. Si nou pran Jamayik, depi timoun nan fèt se anglè li pale. Kiba se panyòl li pale. Depi nou fèt nou gen yon fransè ki sou do nou pou nou aprann e nou dwe aprann li epi se kreyòl ki lang nou. Se pi gwo reta nou. Mwen pa kont kreyòl men mwen vle pou yo ba li valè li merite, ba li plas li.

Nou sèvi ak lang kreyòl la tankou se Entènasyonal ki mande nou pou nou sèvi ak li.

Konpare Ayiti ak kèk peyi nan karayib la

Konpare Ayiti ak nenpòt lòt ti peyi nan karayib la se t a lannwit ak lajounen. Mwen t ap pale ak yon kibèn, dapre sa l di m si yon ayisyen al Kiba li p ap tounen. Kibèn an menm si l vini an Ayiti li p ap tounen Kiba. Dapre analiz mwen fè kibèn an se pa anyen l genyen, li vin abitye ak sistèm li a twòp, li vin pa renmen l ankò. Paske pou li menm lè l fè de jou an Ayiti li tandè ayisyen ap pale sou ekonomi, lè l antre kay yon ayisyen li wè tout sa yon ayisyen genyen, li vin wè se pa menm vi. Li menm ki lakay li, li gen posiblite pou l aprann pwofesyon, tout pitit yo al lekòl. Leta fè tout bagay

ki moun ou ye?

pou yo, yo manje, li menm di ou li pa grangou, li pa touni li gen yon kay menmsi se pa nan kay sa a li ta vle rete men l genyen l. Ayisyen an li menm li pa gen kote pou l rete, se kay moun li rete, oubyen li lwe yon ti pyès kay chak ane li rete yon kote, e ni l pa ka konstwi yon kay kounyeya. Paske pri siman ak fè twò chè san konte tè ki chè. Yon baskil wòch 600 dola, yon baskil sab 300 dola, si l ta vle fè kay an beton li p ap kapab. Fè kay la ak wòch kase, kamyon wòch kase ap vann 800 dola. Sa vle di ayisyen pa twouve l byen li p ap travay. Majorite ayisyen p ap

travay. Yo pa kreye travay, tout ayisyen se achte yo achte dlo pou yo bwè. Tandiske se yon peyi ki antoure ak dlo. Ak kisa pou l fouye yon pi? Menmsi li ta fouye pi a nan ki tè l ap fouye l? Ou prèske pa tandè pawòl sous nan peyi a ankò. Yo koupe twòp bwa, tout sous yo fin seche. Aysiyen an renmen libète ekonomik men li pa gen travay lakay li. Kiben an gen anpil travay lakay li men ti kòb li touche a pa ka fè anyen pou li. Kiben an anyen l pa sou kont li menm sousi antèman li pa genyen. Ayisyen konnen antèman ki pa chè a ap koute 7 al 8 mil dola.

Mesaj pou tout pèp ayisyen.

Mwen konseye yo si y ap fè yon bagay fè l byen pa fè l an jwèt, Mete moun ki kapab la nan plas li. Paske plen moun ki kapab, fòk yo kraze sistèm ti zanmi an. Pa gen okenn moun ki onèt ki t ap fache si yo mete moun ki kapab nan plas li. Pa egzanp ou nan yon peyi chak kòb yo bay yon moun pou l fè yon bagay pou vil la li pran l li mete l nan pòch li. Nou pa kapab wè moun nan abiye an cheval alòske se bourik li ye a fòk sa fini paske nou pa ka dijere sa ankò. ■

Wozilya Franswa



Maykèl Jaksòn (Michael Jackson (1958 - 2009))

Yo poko ka twouve kòz lanmò Maykèl Jaksòn

Maykèl Jakson mouri jedi 25 jen. Li te gen 50 lane sou tèt li. Medsen yo ki fini ak otopsi kadav Mayikèl Jaksòn nan vandredi a fè konnen anyen poko klè sou kòz lanmò vedèt la. Pandan genyen anpil bri k ap kouri sou kòz lanmò lanperè estil mizik pòp la.

Rezilta sou kòz lanmò Maykèl Jaksòn nan poko ka soti. Craig Harvery ki se pòt pawòl enstitiyon Medikal ak legal nan eta Lòsannjèlès deklare bay laprès :« nou panse rezilta tè sa yo mande yon kat semèn konsa». Pòtpawòl la ajoute pou fè konnen yo pa jwenn okenn mak kou sou Maykèl ki mouri

jou jedi 25 jen an nan aswè ni okenn lòt prèv ki gen a wè ak lanmò a. Li ajoute ankò pou l di tè doktè yo ka ede jwenn kòz lanmò si yo fè l byen. Toutfwa, y ap remèt kò Maykèl bay fanmi l yon fwa yo jwenn yon ponp finèb pou antèman. Yon nan sit entènèt ki fèt pou zafè espektak TMZ.com fè konnen nan yon kontak yo te genyen ak youn nan pwòch defen ki kache idantite l fè konnen chantè a te pran yon piki Demewòl prèske 30 minit avan li te fè yon kriz kè. TMZ di gen manm nan fanmi defen an ki di atis la te konn pran piki demewòl chak jou, yo rete kwè Maykèl te pran

plis dòz e sa ki koz lanmò l. Yon moun yo pa idantifye te rele sèvis sekou yo pou di yo respirasyon chantè a pa t nòmal.

Anpil lòt pawòl ap di sou kòz lanmò atis la. Men yon sèl bagay nou konnen se depi Mayikèl te vivan anpil pale anpil te konn fèt sou li, li pa etonan pou pèsòn si gen anpil pale anpil nan lanmò li tou. ■



Pòl Pitèsonn

Grip A (H1N1): Otorite yo mande tout moun rete tèt frèt

Gwo menas grip A (H1N1) lage nan anpil peyi sou latè beni, kote 167 kretyen vivan gentan fè vwèl pou peyi san chapo nan 80 peyi, bay anpil kè sote an Ayiti. Reskonsab Oganizasyon mondyal sante a (OMS) anonse dènye faz alèt la ki se faz kote grip la depase faz epidemi vin yon pandemi. Anpil peyi sou latè ap prepare yo pou pwoteje popilasyon yo, medikaman an kantite avèk rechèch pou yo jwenn yon vaksen ki ka soulaje malad yo. Chak jou ki pase se plis kè sote nan mitan popilasyon an. Sa gen anvwon yon mwa depi Sendomeng ki pi pre nou idantifye premye ka kontaminasyon l. Grip A (H1N1) deja touye yon sitwayen dominiken. Se sa ki blije otorite Ayiti ak Dominikani yo pran bon jan dispozisyon pou anpeche maladi a blayi kò l tou patou sou zile a.

Lakay vwazen, deja gen pou piti 72 ka moun ki enfekte san konte 700 ka yo sispèk ki ta gen grip A (H1N1). Selon sa reskonsab lasante de peyi yo di, nan yon rankont yo te genyen sou fwontyè a, jou lendi ki te 15 jen an. Gen anpil mezi, otorite de peyi yo pran pou pwoteje popilasyon yo kont grip A (H1N1). Se sa Gabriyèl Timote (Gabriel Timothée), direktè jeneral ministè Sante piblik ak popilasyon, te anonse sou Radyo Kiskeya. Gen yon plan siveyans yo mete en plas ansanm pou yo wè kijan maladi a ap evolue. Gen yon lòt plan ki mete sou plas pou yo wè

ki fason yo ka ranfòse sistèm sante de peyi yo. Gabriyèl Timote di yo mobilize pou yo konbat maladi sa a. Anplis de sa, gen rankont k ap fèt chak semèn ant de peyi yo epi kontak ant otorite yo ap kenbe pa entènèt avèk telekonferans. «Nou genyen yon kanpay sansibilizasyon ak enfòmasyon n ap kenbe san rete nan tout peyi»

Yo te deside pran mezi pou anpeche plis moun viktim anba enfeksyon an. Se sa k fè Alèks Lasen (Alex Larsen), minis sante peyi d Ayiti avèk Botista Wojas Gomèz (Bautista Rojas Gómez), tokay dominiken l, te wè ansanm obligasyon pou yo mete yo ansanm pou yo ka anpeche maladi a gaye sou tout zile a. Anpil lokalite nan Repiblik Dominikèn nan ap anrejistre lòt ka chak jou ki pase. Gen anpil lòt rankont nan mitan de peyi yo ki anonse pou kapab jere kesyon an.

Dapre minis sante a, yo poko jwenn okenn moun ki soufri maladi grip la nan peyi a. Men pou li, se nan fen mwa jen an y ap kapab wè ki jan sitiyasyon an ye pi byen, paske y ap gen pi bon materyèl nan men yo.

Prekosyon yon moun dwe pran

Gen anpil prekosyon yon moun dwe pran pou pwoteje tèt yo ak moun k ap viv nan lantouraj yo. Mezi sa yo kapab ede ou pou ou pa atrape maladi a, tankou bouche bouch ou ak yon moucha lè ou ap

touse, lave men ou detanzantan. Bagay ki gen krache moun ki kontamine kapab transmèt enfeksyon an tou. Fòk tout moun ki gen grip la ta mete yon mas nan figi yo pou kenbe saliv yo lè yo ap krache pou krache a pa al tonbe sou lòt moun.

Opinyon popilasyon an

Nan mitan popilasyon an opinyon yo pataje. Anpil moun gen kè sote. Joslin Peti (Jocelyne Petit), yon jèn etidyan nan jestion kwè fòk gouvènman an fè anpil jefò pou l pa kite maladi sa tounen yon katastwòf pou pèp ayisyen. «Se pa rete ap gade non paske nou dwe konprann se yon malè pandye ki sou tèt nou. Otorite yo pa dwe rete ap gade fè anons sou anons san pa gen anyen ki fèt», se sa l te di pou montre moman an grav anpil. Li te rapousiv pou eksplike sitwayen yo gen wòl pa yo pou yo jwe «Paske nou konnen nan ki peyi n ap viv. Se mèt kò ki veye kò».

Gen anpil moun ki di yo pa kwè leta ayisyen kapab fè yon bagay pou yo paske yo santi reskonsab yo pa gen konpetans ak volonte pou sa. Yon moun ki pa te vle bay non l deklare «Leta di yo ap veye tout kote bagay ap antre nan peyi a men se manti. La sou fwontyè yo, ou wè ki jan moun ap soti Sendomeng san pa gen kontwòl sou yo». Pou li menm, se yon mirak si maladi sa poko rive an Ayiti, men «se jou n

Dosye

ap konte sa ap rive kanmenm ». Dapre kèk lòt moun maladi a deja nan peyi a se paske « Nou pa gen mwayen pou nou detekte l. Sitou nan zòn ki pre Sendomeng Yo ». Anpil moun nan popilasyon an, akòz mank enfòmasyon, pa konn kisa grip sa ye toutbon ni ki jan moun pran li, eksplike Emanyèl Pòl (Emmanuel Paul), yon demachè. « Menm moun nan lopital yo pa fòme pou sa. Si yon moun gen yon senp grip li ale kote yo, genyen ki kapab kouri ».

Yon Maladi ki sou tout planèt la

Plis pase 180 peyi gen ka moun ki malad ak grip AH1N1 an. Se nan peyi Meksik, yo te rankontre

premye ka yo. Nan premye moman yo, li te rele grip Kochon, paske yo sispèk se nan bèt sila li te soti. Yo poko janm jwenn yon vaksen pou viris sila. Magarèt Chan, direktis jeneral OMS deklare konsa «Eksperyans montre maladi a pa twò grav nan peyi ki gen sistèm sante avanse kidonk peyi rich. Men gen plis moun ki mouri nan peyi ki nan vwa developman yo. Règ sa sanble li aplike pou grip AH1N1 an tou ».

Sa ki ka mete anpil laperèz nan peyi a se lè nou konnen nan ki eta enstalasyon sante yo ye, avèk yon bann moun k ap travay nan domèn nan ki pa kalifye.

Peryòd pou maladi a parèt tèt li

Peryòd pou maladi a devlope lakay yon moun lè li fenk pran l ale ant youn ak de jou, men kisa yon moun santi lè ou gen maladi sa : tanperati kò a monte jiska 41 degre. Moun nan santi doulè nan do l. Li fèb anpil. Li ka santi doulè nan gòj avèk maltèt tou. Li bay tous ki sèk, li pa ka respire epi anpil larim ap soti nan nen li. Li pa gen apeti, pafwa li ka gen dyare ak vomisman... Pa bliye veve kò nou, paske se mèt kò ki veve kò. ■

Ladensonn Flerival ak Fanfan

Orevwa pè Janjis



Fanmi, zanmi, patizan pè Jera Janjis, kase randevou devan Katedral Pòtoprens (Ayiti) la, 18 jen 2009, bien bonè nan maten, pou bay lidè yo a ki te mouri 27 me pase a nan lopital Jaksonn Memoryal (Miyami Florid) yon dènye omaj.

Pandan monsenyè Sèj Myo ak lòt pè yo t ap chante antèman an, anpil fanatik te gwoupe yo deyò katedral la, yo t ap rele epi mande jistis pandan yo t ap voye gwo pawòl piman bouk kont gouvènman an ak gwoup GNB yo.

Sa pa t pran anpil tan pou fineray la te transfòme an manifestasyon. Minista t a pral lage lwil nan dife a, kote l te mete men sou yon jenn gason, dapre sa yo di ki ta yon ansyen prizonnye. Foul la ki te wè sa, te vin pi move epi yo t ap mache dèyè sòlda Minista yo pou yo pran jennonm nan. Sòlda yo pa t pran tan pou yo reyaji, yo te kòmanse tire adwat, agoch pou gaye foul la. Sa te lakoz yon jenn gason te mouri. Selon kèk moun nan foul la, se ta sòlda Minista yo ki ta tire jenn gason sa. Yon



enfòmasyon sòlda Minista yo te kouri demanti. Foul moun yo te pran kadav jenn gason an yo t al lage l devan Palè Nasyonal.

Yon lòt mès t al chante nan legliz Kavayon an pou di Pè Janjis yon dènye orevwa.

Jounal la wete chapo l devan gwo potorik gason sa a. Li swete Bondye resevwa pè Djeri lakay li.

Tèks: Wozilya Franswa
Foto: Janjak Ogisten ak Woud Cheri

Lekòl pou tout moun ?

Lwa defini lajan ki gen pou peye nan lekòl yo

Nou te jwenn tèks lwa sa a sou entènèt. Yon lwa ki ta soulaje anpil papa ak manman pitit si l te aplike. Men malgre dat yo mete a pase, nou pa janm tande pale sou li ankò. Eske se nan tiwa dokiman bliye yo foure l? Antouka nou te vle pataje tèks sa a ak lektè Bon Nouvèl yo, ak espwa yon jou y ap vote l tout bon.

Men pwojè lwa a :

- Lè nou gade **atik 6, 22, 32, 32-1, 32-2, 32-3, 32-4, 32-5, 32-6, 32-7, 32-8, 32-9, 33, 133, 136, 156, 200** nan Konstitisyon 1987 la ;
- Lè nou gade **atik 26** nan Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun konsènan dwa tout moun genyen pou l jwenn bon jan edikasyon;
- Lè nou gade Konvansyon ki te sòti 20 novanm 1989, ki pale sou dwa timoun;
- Lè nou gade dekrè ki te sòti 11 Sektanm 1974 ki pale sou kouman yon lekòl kapab louvri pòt li ak kouman pou l fonksyonnen ;
- Lè nou gade dekrè ki te sòti 30 Mas 1982 ki pale sou refòm global nan sistèm edikasyon an Ayiti;
- Lè nou gade dekrè ki te sòti 8 Jen 1989, ki bay Ministè Edikasyon Nasyonal, Jèn yo ak Espò a, misyon pou li prezante epi aplike politik nasyonal nan domèn edikasyon an.
- Lè nou konsidere angajman peyi d Ayiti te pran pou l kapab reyalize objektif edikasyon pou tout moun, selon sa ki te di nan kad Aksyon Dakar la;
- Lè nou konsidere angajman peyi d Ayiti te pran pou l kapab reyalize objektif devlopman milènè a an rapò avèk edikasyon;
- Lè nou konsidere angajman peyi d Ayiti te pran pou l kapab fè avanse epi pwoteje dwa timoun yo espesyalman dwa pou yo jwenn bon jan edikasyon;
- Lè nou konsidere kouman valè lajan yo gen pou peye lekòl tèlman anpil ki fè anpil timoun pa kapab ale lekòl;
- Lè nou konsidere kouman plan nasyonal pou Edikasyon ak Fòmasyon (PNEF) sèvi kòm dokiman ki defini ki mòd aksyon ki dwe fèt pou amelyore kalite edikasyon an e pou ranfòse gouvènans sistèm edikatif ayisyen an;
- Lè nou konsidere kouman leta ayisyen dwe pran tout mezi ki nesèsè epi ki kapab pemèt pou tout moun ale lekòl, espesyalman avèk kontwòl yo fè sou kantite lajan lekòl la koute, dekwa pou atik **32.1** nan Konstitisyon tounen reyalite ;

I. Kontwòl sou mezi lajan yon moun peye pou l ale lekòl

Atik 1.- Tout lajan ki depanse pou peye lekòl dwe peye an goud.

Atik 2.- Yo kapab peye ak lajan ameriken nan lekòl kote efektif elèv ayisyen yo pa depase 40 %. Nan ka sa a y ap peye moun k ap travay nan lekòl sa yo, kòm pwofesè, osinon nan administrasyon lekòl la, osinon nan lòt sèvis avèk menm lajan an ou byen an goud dapre todechanj ki afiche jou moun sa yo ap touche.

Atik 3.- Yo pa gen dwa reklame frè nan men elèv yo pou yo enskri ankò yon fwa nan menm lekòl la ou byen pou yo konfime plas yo nan lekòl la. Si elèv la pase pou yon klas siperyè paran yo osinon moun ki reskonsab yo, dwe siyen yon kontra ki angaje yo pou yo kenbe elèv la nan menm lekòl la pou ane lekòl k ap vini an.

Atik 3.1 - Yo kapab depoze yon depo ki pa gen dwa depase 500 goud. Yo pa dwe remèt kòb sa si elèv la kite lekòl la. Si li rete nan lekòl la y ap retire kòb sa a nan lajan elèv la gen pou peye pou ane a.

Paj fanatik

Atik 4.- MENFP ap idantifye depans k ap fèt ak lajan yo bay kòm frè chak ane. Depans sa yo kouvri kategori sila yo : Dlo pou bwè, elektrisite, materyèl pou ekzamen, materyèl pou travay (ban, lakrè, efas), bwat premye swen ak aktivite espò.

Atik 4.1.- Men ki jan yo dwe fè peye frè pou ane a :

- 50% lè lekòl ap kòmanse.
- 25% nan kòmansman 2^o trimès
- 25% nan kòmansman 3^o trimès



Atik 5.- Se chak 3 z an yo kapab anvizaje monte frè pou ane a. Ogmantasyon sa a p ap janm kapab depase 15%.

Atik 6.- Yo pa gen dwa reklame frè pou yon seremoni gradyasyon apre kindègadenn. Li fakiltatif pou élèv nan klas tèminal yo. Yo kapab fèt si paran yo montre yo dakò apre yo jwenn tout enfòmasyon sou jan seremoni sa yo ap fèt. Lajan yo dwe peye pou sa pa dwe plis pase 2 mwa ekolaj.



II - Aktivite komèsyal paraskolè

Atik 7.- Yon pwofesè pa gen dwa bay leson patikilye pou youn ou plizyè élèv nan klas li a.

Atik 8.- Pou yon lekòl kapab vann twal inifòm li dwe gen patant DGI pou sa, lèfini li dwe ranpli tout fòmalitye ki gen pou wè ak sa tankou peye enpo ak taks.

Atik 9.- Direksyon lekòl yo dwe gen liv kontabilite yo anfòm dekwa pou DGI ak MENFP kapab konsilte yo epi verifiye yo.

III Asistans sèvis Kontansye



Atik 10.- Chak direksyon departmantal MENFP dwe gen yon sèvis Kontansye.

Atik 10.1.- Paran, élèv, pwofesè lekòl, direktè lekòl, oubyen tout sitwayen ki santi li konsène osinon ki viktim an rapò ak aplikasyon lwa sila a kapab adrese l avèk sèvis Kontansye biwo departmantal MENFP.

Atik 10.2.- Chak plent dwe byen fonde. Yon fwa plent la anrejistre, MENFP gen 20 jou pou fè konnen desizyon li.

Atik 10.3.- Desizyon MENFP, konsènan aplikasyon lwa sila a yo final.

Atik 11.- Ka yon élèv yo pini oubyen yo mete deyò nan lekòl la konsènan aplikasyon lwa sa a, dwe jistifye pa yon dokiman direksyon lekòl la gen pou l redije. Y ap remèt yon kopi dokiman sa a bay paran élèv la, komite paran ki nan lekòl la, MENFP pa lantremiz direksyon departmantal la, pou swit nesèsè.

Atik 12.- Paran, élèv oubyen pwofesè ki konplis nan vyolasyon lwa sila a gen pou peye yon amann 25 000 goud bay DGI an favè MENFP.

Atik12-1. – Direktè lekòl ki konplis nan vyolasyon lwa sila a ap peye yon amann 100 000 goud bay DGI an favè MENFP.

Atik 13.- Lwa sila a dwe aplike depi nan kòmansman lekòl, sètadi depi 19 janvyè 2009.

Atik 14.- Lwa sila a anile tout lwa osinon dispozisyon lwa, tout dekrè, osinon dispozisyon dekrè, tout dekrè lwa osinon tout dispozisyon dekrè lwa, ki pa daplon ak li. Y ap pibliye lwa sa a bay Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP), Ministè Ekonomi ak Finans, yo chak pou sa ki konsène yo.

Nou te jwenn tèks sa a nan lang franse - Tradiksyon : Bon Nouvèl

Manifestasyon Manch Long Etidyan Inivèsite Leta yo

Depi nan fen mwa avril 2009 la etidyan nan inivèsite leta te pran lari pou mande refòm anndan inivèsite a ak piblikasyon lwa sou salè minimòm 200 goud la.” Sewòm mobilizasyon an p ap janm sispann koule nan venn nou. Flanbo mobilizasyon an p ap janm etenn...” se te pawòl youn nan etidyan yo.

Jou lendi kite 27 avril 2009 la yon kriz tanmen bouyi nan inivèsite Leta d Ayiti a. Etidyan nan fakilte medsin ak famasi (FMP) nan inivèsite a mete kanpe yon grèv manch long pou mande dekana fakilte sila a pou l bay talon l. Etidyan yo repwoche dirijan FMP yo ki, dapre yo menm, ranplase yon seri kou ki konn fèt pou yon ane pa semèn ki dire sèlman yon semèn. Anplis tou, yo te di yo pa dakò ak kèk kou enpòtan ki elimine nan fakilte a. Jèn inivèsite sila yo te leve vwa yo byen wo pou di non yo pa vle fòmasyon kolepyese ni fòmasyon nan bout mamit. Nan menm moman an tou, yo mande aplikasyon lwa sou ogmantasyon salè minimòm nan ki dwe soti nan 70 goud pou rive 200 goud.

Lwa sou ogmantasyon pi piti kòb moun k ap travay dwe touche pa jou a te deja vote nan palman an. Tout senatè, san wete san mete, te menm apwouve lwa sila a san gade dèyè nan dat 5



me pase a. Men bal la te rete nan pye prezidan Rene Preval pou nouvèl lwa a soti nan monitè; kidonk pou l vin gen fòs.

Etidyan yo kanpe sou brengeng yo

Depi fen mwa avril la pou rive jouk mwa jen ki sot pase a, etidyan yo te kanpe sou brengeng yo. Etidyan FMP yo, mele ak lòt etidyan ki soti nan divès fakilte nan inivèsite leta a tankou Fakilte Etnologi, lekòl Dwa ak Syans Ekonomik, lekòl Nòminal Siperyè, fakilte Syanzimèn ak Inage; san n pa bliye tou etidyan ki soti nan kèk lekòl ak inivèsite prive, yo te pran lari san rete pou yo manifeste yon mannyè pou fè klewonnen, yon bò, prensipal revandikasyon yo nan inivèsite a, e yon lòtbò, pozisyon

yo fas ak nouvèl lwa sou salè minimòm nan.

Pibliye lwa sou salè minimòm nan; rebay tout kou yo te elimine nan fakilte medsin nan; mete yon bon biblyotèk nan FMP a; ranplase konsèy ki gen mayèt FMP a pa yon lòt konsèy enterimè pou fè eleksyon se kèk nan revandikasyon etidyan yo.

Pou dekana FMP a, kesyon yo ap pale sou demisyon an, se bri sapat; pa gen sa pyès. *Dekana FMP a, se yon dekana k ap travay, ki pa gen anyen pou yo repwoche l e li te eli kòrèkteman*”. Dapre sa vis rektè rechèch inivèsite a Frits Dezòm (Fritz Deshommes) te fè konnen nan lokal rektora inivèsite leta nan fen mwa me a.

Paj pou jèn yo



Dwayèn FMP a ki se doktè Gladis Tasi Pwospè (Gladys Tassy Prospère) te fè konnen sa k enterese dekana nan kriz sa a, se kenbe fakilte medsin nan ak tout inivèsite a vivan.

Bò kote pa li, rektè Jan Vènè Anri (Jean Vernet Henry) ale nan menm sans la pou l di si FMP fèmen pòt li se yon gwo pataswèl inivèsite a t ap pran. E li pwofite pou l ankouraje etidyan yo pou yo retounen nan klas yo. Li kontinye pou l di li pa nan enterè pèsonn pou fakilte a fèmen.

Kabouyay nan lari Pòtoprens

Nan kòmansman mwa jen an, yon gwo kabouyay te pete nan lari pòtoprens. Lapolis ak minista te twouve yo bab pou bab avèk etidyan ki t ap manifeste yo. Moso boutèy, barikad, wòch, kawotyous k t ap boule te fè kenken nan lari Channmas. Manifestan yo pa t neglije atake ak kout wòch machin Leta ak machin fòs ki la pou mete lòd yo. Nan lopital jeneral, pasyan ki nan matènite, timoun ki t ap pran laswenyay nan pedyatri te oblije

kraze rak akòz gaz lakrimojèn kite anvayi tout zòn nan.

Depi kòmansman kriz la nou ka konte plis pase yon trantèn manifestan konsa ak kèk etidyan pami yo ki te rive jwenn arestasyon yo e yo te bwè kèk jou prizon.

Pandan etidyan yo ap revandike pou kaba kèk pwoblèm anndan inivèsite a, **“200 goud ou lanmò”** **“nou p ap fè bak, 200 goud pou pi piti”** se kèk nan eslogan ki te make sou kèk pannkat nan men etidyan yo.

Prezidan Rene Preval te di yon mo sou lwa 200 goud pou pi piti a



Boutpoubout jou mekredi 17 jen an, prezidan repiblik la, Rene Preval, te di yon mo nan sa ki gen pou wè ak lwa sou salè minimòm nan. Kidonk prezidan Repiblik la te fè objeksyon oubyen, pou n pi klè, li te bay palmantè yo preyokipasyon l ak vizyon l sou lwa sou salè minimòm 200 goud la. Li te fè remake tou tout pwoblèm sa ka lakòz si lwa sa a ta pibliye jan l te



vote nan palman an. E li te mande palmantè yo pou yo kite yon pòt louvri pou dyalòg sou kesyon sa a.

Daprè pwopozisyon prezidan Rene Preval te fè palmantè yo, lwa sou salè minimòm nan ap toujou rete a 200 goud pou ouvriye ak ouvriyèz ki nan sektè komèsyal yo ak endistriyèl yo. Men sa ki gen arevwa ak endistri soutretans yo, ouvriye yo ap touche 125 goud annatandan, e ti kras pa tikras y a va jwenn 200 goud an 2012. E lwa sila a p ap ka antre anvigè avan mwa oktòb 2009 la. Se konsa bal la te vin pase nan pye depite yo kite gen pou yo chita sou objeksyon prezidan Repiblik la.

Prezidan asosyasyon endistri d Ayiti a (ADIH), Jòj Sasin te bat gwo bravo pou prezidan Rene Preval ki te kite espas pou dyalòg nan fè fas kare ak pwoblèm sa a. Men pandan tan sa a, etidyan yo pran lari pou pi rès. ■

tèks ak foto : **Jetwo Bènabe**

Edikasyon : Egzamen Ofisyèl ane 2008 - 2009 la

Nan mwa jen an, responsab Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl yo te anonse anviwon 532.737 elèv te gen pou patisipe nan egzamen ofisyèl yo ki t a pral kòmanse nan dat 25 jen 2009 la. Yon lòtbò, 11 mil kandida pa t ka patisipe nan egzamen ofisyèl sila yo paske dosye yo pa t kòdjòm. Sa ki fè panse ak yon latriye lekòl k ap fonksyone lib e libè nan peyi a san respekte okenn règleman.

Nan kòmansman mwa jen pase a, responsab Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP) te anonse egzamen ofisyèl ane lekòl 2008-2009 la t a pral kòmanse dewoule nan dat 25 jen an. Konsa, 25 pou rive 26 jen se te egzamen elèv sètifika yo (sizyèm ane fondamantal); answit, sòti 30 jen pou rive 2 jiyè se te pou elèv nevyèm ane yo; e 30 jen pou 3 jiyè se pou kandida lekòl nòmal enstititè yo (ENI) ; epi dènye egzamen kandida bakaloreya premye ak dezyèm pati yo nan dat 6 pou rive 9 jiyè.

Kantite kandida ki te enskri pou patisipe nan egzamen ofisyèl ane sa a, sòti nan elèv sètifika pou rive nan elèv bakaloreya yo, te enwiwon 532.737 elèv. N ap fè sonje 350 milyonn goud se kòb ki te dispoze pou reyalize egzamen ofisyèl sila yo nan tout peyi a. Kèk jou avan egzamen yo te kòmanse,



Direktè jeneral Ministè Edikasyon nasyonal la, Pyè Michèl Lagè (Pierre Michel Laguerre) te fè konnen, li regrèt paske ane sa ank, ministè a jwenn kèk ti anomali nan sistèm anrejistreman kandida yo. Renan Michèl ki se direktè Biwo nasyonal Egzamen Leta a (BUNEXE), bò kote pa l, te anonse gen 11 mil kandida konsa ki p ap ka patisipe nan egzamen ofisyèl yo paske dosye yo pa kòrèk. Men pifò nan yo se elèv reto. Direktè a kontinye pou l fè konnen elèv sila yo te vle pran ministè a daso, men ministè a p ap dòmi.

Pou lekòl ki panse yo ka fèmen je yo sou règleman Edikasyon Nasyonal la pou yo fè sa yo pi pito, Renan Michèl fè konnen direktè lekòl sa yo ap peye sa chè dapre lòd k ap aplike anndan ministè a.

An Ayiti lekòl rete swadizan meyè zouti pou moun vanse nan sosyete a. Depi nan lane 70 yo, se konsa n ap konsate moun ki dispoze ak sa ki prè pou ale lekòl ap ogmante chak jou k pase. Men Leta a pa gen ase repondong pou l reponn ak demann sa a. Kidonk, objektif pou rive fè tout moun ka jwenn moso ledikasyon an rete yon defi

pou Leta ayisyen. Se konsa nou vin jwenn lekòl ap kale san kontwòl tribòbabò tankou grenn diri nan sektè prive a an Ayiti. Nenpòt moun ka fè tèt yo pase pou pwofesè. Anpil lekòl nan sektè sa a pa respekte okenn lwa. Kèk nan yo fè lekòl nenpòt ki jan. Sa ki bay yon sistèm edikatif deregle. Aprè Zimbabwe, Ayiti se sèl peyi sou latè beni kote pousantaj privatizasyon sistèm edikatif la moute disèt wòtè. Yon etid fè konnen gen 83 pou san lekòl prive nan peyi d Ayiti ak sèlman 17 pou san lekòl piblik. Alòske sou tout kontinan ameriken an peyi ki pi prè Ayiti ak pousantaj sa a se Chili avèk 37 pou san lekòl prive ak Repiblik Dominikèn ki gen 22 pou san lekòl prive, men nan peyi sa yo gouvènman yo sibvansyone lekòl primè.

Peryòd egzamen ofisyèl se yon peryòd ki pèmèt moun pran pèz tout sistèm edikatif la. Kèk sitwayen fè konprann pousantaj elèv ki reyisi nan egzamen ofisyèl yo toujou fèb an reyalite, akòz yon bann lekòl ki pa fin twò kòdjòm ak anpil lòt pwoblèm ankò. Lekòl sa yo, yo rele yo souvan «Lekòl bòlèt» osnon «Poulaye». Èske se pa devwa ministè a pou l panche seryezman sou pwoblèm sa yo yon mannyè pou l pran tout mezi pou kaba sityasyon sila a? ■

Tèks ak foto Jetwo Bènabe

Fèt Patwonal Pawas Sentantwàn nan Pòtoprens

Yon fèt relijye ki makonnen ak lavi yon zòn



Listwa pawas la

Listwa Pawas Sentantwàn nan Pòtoprens makonnen ak listwa ri kote legliz la ye a, paske ri sila a jounen jodiya pote non fondatè pawas la ki te yon ansyen kire Katedral Pòtoprens la, pè Jil Poupla. Se sa ki fè yo rele zòn sila a avni Poupla. Joslen Renò ki se sekretè pawas la te fè yon ti kout listwa sou fondasyon legliz sila a bay Bon Nouvèl. Sekretè a fè konnen pawas Sentantwàn te fonde nan lane 1990.

Lide fondasyon an te soti kote kire katedral pòtoprens la, ki nan epòk sa a, te sou balkon katedral la li t ap admire Pòtoprens e je li te tonbe sou yon vye bank domeng ki te fè fayit. Konsa, lide a te pase nan tèt li pou te mande leta mazi bank sa a pou te kontwi yon legliz nan zòn sa a ki te yon rak bwa e se pou sa yo te rele l nan epòk sa **bwa dèyè**. Leta pa t reziste ak demann sila a, li te dakò pou legliz katolik tanmen yon pawas pou leve eskap figi rak bwa sa a. Nou pa kapab konprann kòman li te difisil pou legliz sa a konstwi. Jèn gason

ak jèn fi te blije mete men pou pote materyo paske machin pa t ka antre nan rak bwa sa a. Konsa, se sou bourèt yo te pote fè pou te mete legliz la kanpe. Pè Jil Poupla te poze premye pyè a nan lane 1990 e depi lè sa a travay la demare jouk legliz la fin kanpe.

Dewoulman aktivite relijye yo

Depi jounen 4 jen 2009 la ki se kòmansman nevèn nan, pèlerin soti toupato nan peyi a san konte sa ki soti nan peyi lòt bò dlo, yo tout vini nan pye Sen an. Gen sa ki vin chèche delivrans, konsa gen lòt tou ki vin remèsye Sen an. 12 jen se te finisman fèt vijil la. Jou 13 jen an, ki se jou fèt la menm, pa t gen kote pou te pike zepeng, pèlerin pil sou pil te bloke zòn avni poupla a: se te yon gwo evènman. Te gen 4 mès ki te selebre jou sa a: youn 6 è, youn lòt vè 9 è ki se mès solanèl la, youn lòt ankò vè 11 è e yon dènye vè 4 è ki se mès final la. Mès solanèl la te selebre an prezans yon gwo otorite nan leta a ki se majistra vil Pòtoprens la, Mesye Jan Iv Jazon. Mesaj la ki te preche nan mès sila a te marye ak tèm komite pawas la te chwazi ki di konsa: **“Tankou Antwàn an n travay pou lavi Jezi Kri Fleri.”** Yon mesaj lapè te bay, yon

mannyè pou envite tout ayisyen fè lapè.

Aktivite ak Anbyans kiltirèl nan okazyon fèt Sentantwàn

Fèt patwonal pawas Sentantwàn nan Pòtoprens se yon okazyon tou pou bann a pye ak òganizasyon popilè nan zòn nan pote aktivite ki jwenn ak anbyans kiltirèl. Nan yon premye tan se te Bann Bebi Koul (Baby Cool) ki te konn reskonsab pou pote anbyans kiltirèl nan okazyon an. Konsa, yo te konn jwenn sipò kèk zanmi pou fè depans pou animasyon, men leta pa janm vle investi pou kore aktivite sa yo. Touse Ebi Jinyò (Toussain Herby Junior) ki se kowòdonatè bann sila a mande pou leta chanje fizil zepòl yon manyè pou investi nan fèt patwonal sa a, ki gen anpil enpòtans pou moun nan zòn nan. Apre bann Bebi Koul gen lòt bann a pye tankou Seza bann, Eskoul bann, Filalang elatriye, ki toujou mete animasyon. Apre bann Bebi koul se bann Filalang ki pran tèt animasyon kiltirèl fèt la. Ane sa a, yo mete bèl afich nan tout zòn avni Poupla san yo pa jwen menm yon penich nan men otorite leta yo. Se yon zanmi ki sipòte yo nan bèl travay sa a. Jan Klod Kazimi ki se Prezidan bann sa a mande pou leta sipòte sa k ap fèt nan zòn nan paske se pou byen kominote a.

Yon lòt bò yon jèn òganizasyon Popilè ki rele M.O.F.H.E.S (Mouvement des Patriotes

Haitien pour l'Epanouissement Social) te òganize nan okazyon an nan enpas Ika ki anfas pawas sentantwàn nan, yon fwa atizanal. Se pou premye fwa nan listwa fèt patwonan pawas la yon aktivite konsa te reyalize. Avoka Nwèl Levasè ki se konseye jiridik nan òganizasyon an te pofite pou bay Bon Nouvèl yon entèvyou, konsa, li bay kèk objektif fwa a lèfini li te pale yon ti kras sou òganizasyon an. Mèt la te eksplike objektif prensipal fwa a, se montre sa zòn nan gen nan djakout li nan sa ki gen a wè ak

atizana. Se yon manyè tou pou yo fè pwomosyon pou pwodiksyon nasyonal la. Reskonsab jiridik la pa t kache desepsyon li fas demand yo fè swa bò sektè prive a ak sektè piblik ki pa t reponn. Toutfwa sa pa t anpeche yo reyalize fwa sa a ak pwòp mwayen yo e ak sipò yon sèl entitasyon ki se Konbèlann. Atizan yo te satisfè paske anpil peleren te pwofite achte kèk pwodwi nan men yo. Mèt Nwèl ki te rezime nan kèk mo aksyon asosyasyon an, fè konnen M.O.F.H.E.S kanpe sou

kat wòch dife ki se edikasyon, fòmasyon, sante ak anviwònman. Asosyasyon an soti nan matris J.C.P.N (Jeunes Combattants Progressistes Nationaux), yon asosiyasyon ki gen syèj li nan fò nasyonal.

Jounen jodiya lè nou gade sityasyon moun ap viv nan Pòtoprens, gen moun ki di yo pa konn ki pòt pou yo frape ankò, gen lòt menm ki di yo pa konn ki sen pou yo rele. Toutfwa nan okazyon fèt pawas la, anpil te rele Sentantwàn. ■

Tèks ak foto : Pòl Pitèsonn

Yon ti kout je sou atizan lakay



Nan okazyon Jounen mondyal kilti pèp la ki selebre chak 22 dawout, Bon Nouvèl te twouve l enpòtan nan ane sa a pou l t ale bouske enfòmasyon nan lari kapital la, bò kote atizan yo ki chak jou Bondye mete ap chèche lavi nan lari a e ki an menm tan ap fè pwomosyon pou pwodiksyon nasyonan la.

Nan plizyè rakwen nan peyi d Ayiti e sitou nan lari Pòtoprens ou kabab wè bèl tablo ak bèl pyès atizanal e latriye ki dekore lari a. Moun k ap pase, se yon plezi pou yo pou yo admire travay sa yo e pafwa menm felisite otè yo, men aprè sa, sa ret la. pa gen yon menm kole ki fèt pou ta ankouraje atizan yo pwodwi plis. toutfwa bat men ankouje chen, gen atizan ki renmen lè yon visitè felisite l pou

travay li, se ka yon atizan tankou Basil Elmet se yon atizan nan ri Kapwa zòn Channmas li se yon papa reskonsab, li gen pitit e se sou atizana li pran swen fanmi li. Basil se yon atizan ki gen anpil talan, li pent e li eskiltè tou, anplis, li travay ak pay bannann tou. Yonn nan bèl tablo pay bannann Basil realize se yon pòtrè prezidan ameriken an, Obama. Nan travay eskiti li yo, li travay avèk bwa e avèk wòch. Daprè, atizan an gen de bwa ki bon pou yon eskiltè travay, bwa sa yo se kajou ak chèn. Wòch li travay yo soti nan yon min Leyogàn e li achte yo byen chè. Atizan an plenyen Kontwòl Leta pa genyen sou min say o. Kote etranje ap soti toupatou vin bwote an kantite. Konsa li konn gen difikilte pou li jwenn kalite wòch li bezwen an paske etranje lòt peyi pase men pran sa ki bon yo an dola ameriken. Basil fè bèl piès pou anmoure anmourez yo, li travay yon pyès li rele beze. Pyès beze se pòtrè yon gason ak yon fi k ap bo, yon travay li realize an bwa e an wòch. Kontrèman ak ti machann yo la meri ap kouri dèyè yo chak jou sou

channmas la, atizan pa rankontre pwoblèm sa yo. Malgre sa Basil mande pou leta ta voye je sou atizan yo, yon manyè pou yo ta ankadre yo.

Sityasyon jenn atizan

Yon kategori atizan kite atire atansyon Bon Nouvèl se jèn atizan ki soti nan 15 pou rive nan 18 lane. Dominik Rejinal ak Djenms Witi se de jenn gason k ap chèche lavi nan atizana a. Tou de mesye yo se eskiltè. Dominik gen 18 lane, li se yon elèv twazwèm segondè e li gen de lane depi nan aktivite atizanal la. Jenn gason sa a renmen travay l ap fè a paske se pwodiksyon nasyonan la l ap bay jarèt. Li santi li byen lè yon moun felisite travay li fè, sa a ankouraje travay pi byen. Atizan 18 lane fè konnen, sa fè kèk mwa depi kalmi tonbe sou atizana a. Paske touris pa antre ankò nan peyi. Nan sans li enpòtan pou otorite yo travay pou refè imaj peyi a yon manyè pou jenn atizan yo ka jwenn yon ti kichòy. Wity limenm gen 16 lane, li nan senkyèmèman fondamantal e li gen yon ane edmi depi li ap travay kòm atizan.

gade rès atik la nan paj 17

Paj jèn yo

Mo Maske “Aktivite nan tan Vakans”

Men mo yo ki kache nan griy la

D L G A N T R E N M A N
 K I Z I M R T E W J M A
 T B S O N I Z A K A E M
 E E A T E A Z A L Y D N
 N T Y K R J R E A A I O
 V E I A A A E A P W T W
 O D A Z T L K D R T A I
 L I Y E I P O S I E S V
 E K N E B V L R Y N Y N
 B A O L E A E A E O O A
 O S Y I N K K N N Y N T
 L Y S B Y A S O U S A E
 O O A N E N Y Y T A N L
 B N K A N S O P E R O E
 T C I B A B N N R B Y V
 E H N M G A L A A E S I
 K A I E O N E H D L A Z
 S N M K A D O C Y E M Y
 A T O I Z A W L O S O O
 B E K P L O B T U O F N

amize	karate
animasyon	kazino
antrenman	kominikasyon
anviwònman	lapriyè
bakaloreya	libète
banbile	lwazi
banda	meditasyon
baskètbòl	mizik
benyen	netwayaj
chanpyona	plaj
chante	radyo
danse	rara
distraksyon	rekoleksyon
domino	Repo
edikasyon	selebrasyon
ekip	sous
fòmasyon	televizyon
foutbòl	tan
gala	teyat
jwèt	vakans
kado	vizite
kan	volebòl

Lèt ki rete yo fome yon mo ki gen rapò ak seleksyon nasyonal foutbòl la

1	2	3	4	5	6	7	8



swit atik ki nan paj 16

Jenn atizan yo pa kache eksplwatasyon y ap sibi nan men bòs atizan yo. Pou yon pyès, yo ka resevwa 50 goud oubyen 100 goud pou pi plis, alòs yon pyès ap vann 1000 pou rive nan 1500 goud. Jenn atizan mande pou responsab yo ta voye je sou yo, yon manyè pou yon ta jwenn ankadreman. Lè nou gade salè jenn atizan sa yo ap touche sou chak pyès, nou ta dwe poze yon keksyon enpòtan : Ki salè minimòm Jenn atizan yo ?

Pòl Pitèsonn

Sitiyasyon ekonomik pwojè a fòse nou monte pri jounal la yon ti kras depi janvyè 2009

Pri yon jounal pou ane 2009 : si ou vin pran l nan Bon Nouvèl, ou byen si ou achte l nan men yon revandè : 10 goud

Pri abònman pou 2009

An Ayiti :

1 abònman rive 50 (pou 1 ane) 100 goud pou chak abònman
 51 pou rive 100 abònman : 90 goud pou chak abònman

101 pou rive 250 : 80 goud pou chak abònman

250 pou rive plis : 65 goud pou chak abònman

1 Abònman pa lapòs : Pòtoprens : 250 goud

An pwovens : 300 goud

Pou peyi Etranje : Ozetazini : 1 abònman : 30 \$ US

Ewòp : 1 abònman : 40 \$ US



Pawòl Bondye, yon pwojè pou lavi

Pwojè Bondye a se chemen lavi tounèf



Zanmi Lekti Kominotè Bib la, REBA ap prezante nou dènye selebrasyon nan kad semèn Biblik sou anviwònman an, li espere selebrasyon sa yo te ede nou lapriyè, reflechi sou pwoblèm anviwònman an nan kominote nou an epi pran anganjan pou n refè katye lakay nou. Si chak katye refè, peyi a ap vin tounèf, konsa n a gen yon tè tounèf kote moun anvi viv.

Anvan selebrasyon an: Moun ki pare selebrasyon an dwe ranje tout senbòl nou te sèvi nan jou anvan yo.

.Akèy:

-Animasyon.

-Moun ki pare selebrasyon an di yon mo byenveni

-Li mande pou yon moun fè lapriyè Lesprisen an pou li ede n konprann Pawòl Bondye a pi byen

-Li fè moun yo sonje sou kisa nou te pale jou anvan yo. Ki senbòl nou te genyen.

-Li fè moun yo repete tèm Semèn Biblik la:

“Pwoteje anviwònman an: Se pwoteje lavi”

2. Bondye pale nan lavi nou:

An n chante :

Pou Ayiti

O non zansèt yo

Se pou n sekle

Se pou n plante

Se nan tè tout fòs nou chita

Se li k ban nou manje

An n bite tè an n voye wou

Ak kè kontan fòk tè a bay

Sekle, wouze, fi kou gason

Pou n rive viv ak sèl fòs ponyèt nou

-Ki kote nou jwenn chante sa?

-Ki sa nou chante nan bèl chan sa a?

-Ki rèv moun ki te ekri chante sa a te genyen pou peyi a ?

-Ki rèv nou genyen pou peyi nou an jounen jodiya ?

-Eske rèv sa a li posib ? Kijan nou ka rive reyalize l?

3. Bondye pale nan bib la: N ap dispoze kè nou pou n resevwa Pawòl Bondye a.

4. An n kalkile sou pawòl la Lekti Apokalips 21, 1-5

-Ki rèv moun ki ekri Apokalips la te genyen?

-Ki rèv nou menm kòm ayisyen nou genyen?

-Ki lè n a va wè tèt mòn nou yo vèt ankò?

Pou nou antre pi fon nan pawòl Bondye a :

N ap tandè yon moso pwezi yon moun ki rele Nounous te ekri pou l envite nou reve ansanm ak yon tè nouvo ak yon syèl nouvo nan peyi nou:

Prese prese envite yo tout vin mete tèt yo ansanm pou evolasyon dechennen tèt li, sou tè Desalin nan.

Ala kontan l a kontan si nou pati rive mache byen dous yon lè, kote lanmou avèk lizay ap tete manmèl lapasyans, pran lèt refleksyon sèvi fondas, leve bèl kay san lantiray, pou peyi nou pa dòmi toutouni, san pyebwa ak san zwazo, epi pou li sa parèt yon jan ki pi kòrèk douvan je nou menm dabò ak pa lemondantye ansuit.

Ala bèl sa va bèl, tout zwazo ak flè, ti sous ki gen pou plen larivyè jouk manmzèl ka rive pote bon nouvèl ba lanmè, k ap prepare ladesant pou pwason tout kalite nan dlo li a.

Chandèl limen

Ala bon sa va bon, bèl pyebwa ki va tounen pouse devan je ou, anpil bèl ti bèt nan bwa, nan sezon plimezon, ki va fè kay epi peplay kote ou va fè repozwa pou yo, ak bon jan kloti pwoteksyon, pou ankenn nan yo pa ta menm bezwen sonje pran pwen disparèt yon jou.

Ala bèl sa va bèl, bèl bèl ti flè an ti kann a ap fè fa sou do nan dlo w, bèl ti mizik byen bèl, pou lapati mache pi vit toujou, ti mizik byen mi, dore byen bèl pou Lapatri vole wo repete ba tout ti sekrè li jwenn nan lavòltij...

Kisa nou konprann nan pwezi sa a ?

Kisa otè a mande n pou n fè ?

Ki angajman konkrè n ap pran nan kominote nou an apre nou fin fè tout selebrasyon sa yo?

5. An lapriyè sou pawòl la / Lapriyè kominotè Papa nou ki nan syèl la

N ap repete: SOM 1

Moun k ap repase Pawòl Senyè a, li tankou yon pyebwa ki plante arebò larivyè a, l ap bay grenn nan tout sezon. Nou ta renmen pou nou se pyebwa ki bay grenn.

Nou tout ta renmen genyen lavi ki rich, ki ranpli, lavi ki eklate ak lavi.

Gen yon chemen asire ki mennen la.



Jezi te aprann nou viv byen ansanm. Youn ap swete lòt Kè poze a

N ap pataje sa nou chak pote pandan n ap viv rès sosyete egalego a, ak rès pou n gen yon lòt Ayiti.

Lekti Labib pou mwa Out ak Sektanm 2009

Dimanch 2 Out 18° dimanch tan òdinè

1. Egzòd 16, 2-18
2. Efezyen 4, 17-24
3. Jan 6, 24- 35

Dimanch 9 Out 19° dimanch tan òdinè

1. 1 Wa 19, 4 -8
2. Efezyen 4, 30 -5, 2
3. Jan 6, 41- 51

Dimanch 16 Out 20° dimanch tan òdinè

1. Pwovèb 9, 1- 6
2. Efezyen 5, 15-20
3. Jan 6, 51- 58

Dimanch 23 Out 21° dimanch tan òdinè

1. Jozye 24, 1-2; 15-18
2. Efezyen 5, 21- 32
3. Jan 6, 60-69

Dimanch 30 Out 22° dimanch tan òdinè

1. Detewonòm 4, 1-2. 6-8
2. Jak 1, 17-18; 21-22-27
3. Mak 7, 1-8. 14-15; 21-23

Dimanch 6 sekstanm 23° dimanch tan òdinè

1. Isayi 35, 4 - 7 A
2. Jak 2, 1-5
3. Mak 7, 31 - 35

Dimanch 13 sekstanm 24° dimanch tan òdinè

1. Isayi 50, 5 - 9 A
2. Jak 2, 14 - 18
3. Mak 8, 27 - 35

Dimanch 20 sekstanm 25° dimanch tan òdinè

1. Liv Lasajès 2, 12.17 - 20
2. Jak 3, 16 - 4,3
3. Mak 9, 30 - 37

Dimanch 27 sekstanm 26° dimanch tan òdinè

1. Liv Resansman 11, 25 - 29
2. Jak 5, 1 - 6
3. Mak 9, 38-43.45.47-48



Flerèt Matye

Blag



Yon dam al renouvle paspò l.

-Moun k ap fè paspò a mande l: konbyen pitit ou genyen?

-Madan m nan reponn : 10

- Kijan yo rele ?

- Yo tout rele Bèna.

- Kijan ou fè lè ou ap rele yo?

- Se tre senp monchè, m rele "Bèna"! Epi yo tout vini.

- Si se youn nan yo ou bezwen?

- A monchè, mwen annik di senyati sa mwen bezwen an!

Blag



Yon madmwazèl lekòl mande elèv lekòl li yo: Ki rèv nou pou demen, kisa nou ta renmen vin ye demen? Youn nan elèv ki pi cho nan klas leve men l epi l di : mwen menm madmwazèl mwen reve pou yon jou mwen genyen 10 000 dola chak mwa, tankou papa m!

Madmwazèl la sezi epi li di : A bon, sa vle di papa ou genyen 10 000 dola chak mwa ?

Elèv la reponn : non madmwazèl, se reve papa m ap reve sa tou.

mo kwaze mwa pase a

	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
1	M	A	K	A	Y	A		M	A	K
2	A	B	A	K	O		K	A	K	O
3	T	E	N	O		M	A	K	E	T
4	O		E		R		K	A	N	A
5		Z		B	E	L	I	N		K
6	K	A	L	I	K	O		D	L	O
7	O	B		K	O	N	P	A		T
8	B	O	K	I	T		A	L	E	
9		K	A	N		B	N		V	E
10	K	A	B	I	R	A	T	E		N

Mo Kwaze

Pran agòch ale adwat

1. Legim sèk osinon vèt moun konn kwit ansòs osinon kole, ak diri, mayi osinon pitimi - Katye nan 5^o seksyon vil Marigo
2. Zwazo mouch
3. Machin - negasyon - Pè Obla yo mete sa dèyè non yo
4. Ouvèti nan yon mi - pwonom anglè
5. Lèt ki panche
6. Liv pou ti moun aprann li - Pwonon pèsone
7. Ekstra Terès (abreviyasyon) - Kapital peyi Larisi
8. Efò pou fè yon moun mal ki pa reyisi
- Nota bene(abreviyasyon)
9. Zòn bò lanmè - Repiblik Dominikenn (abreviyasyon)
- Metal
10. Arete - Iyoran, Kreten

Pran anwo desann anba

1. Soti sou yon okazyon pou fè yon bagay - apremidi (abreviyasyon)
2. Latrin - Peyi an Ewòp
3. Ki pa siyen, ki pa gen mèt - lè
4. Kò ki dirije lame
5. Rad
6. Maklouklou - Klere, briye
7. Dezyèm nòt mizik - Epis pou met nan manje sikre
8. 'Mwen' nan lang laten
9. Mwatye - Tanp vodou
10. Pwovèb - Animal



	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
1										
2										
3										
4										
5										
6										
7										
8										
9										
10										

Jan Fanaspò



Bon
Journal
Nouvel

103, Ri Pave
B.P. 19252
HT-6112
Pötoprens, Ayiti

Tel: 223-9186 ak 510-4477
bonnouvel@yahoo.com
Site web :
www.bonnouvel.org

ISSN 1606-660X

Pwojè "Bon Nouvel"

Sipèvizyon: Pè Gi Vandekandelare - Pè Lik Devègle
Dirèksyon: Pè Jan Out
Redaksyon: Wozilya Franswa.
Dokimantasyon: Wozilya Franswa
Sekretarya ak Pwomosyon: Flerèt Matye
Distribisyon: Jan Deni Tanis - Wilga Belanj
Administrasyon: Wilga Belanj
Antretyen: Yolèn Chal